



AJANS LOJMAN MIAMI-DADE DEMANN AJISTEMAN REZONAB

Chèf Fwaye: _____ Telefòn: _____
(EKRI NON)

Moun Kap Fè Demann: _____

(NON MOUN KAP FÈ DEMANN AJISTEMAN REZONAB LA SI SE PA CHÈF FWAYE , EKRI NON W)

Adrès: _____ Kliyan Nimewo: _____

Siyati: _____
(Chèf Fwaye, Lòt Moun Kap Mandè, oswa Reprezantan Otorize Moun Kap Mandè)

Yon enfimite defini, an pati kòm yon pwoblèm fizik oswa mantal ki vreman limite yon moun nan fè youn oswa plis aktivite enpòtan nan vi yon moun; yon dosye ki idantifye ke pwoblèm lan egziste, oswa yo idantifye w kòm yon moun ki genyen pwoblèm sa a.

Yon rezidan Lojman Piblik gen dwa mande yon chanjman fèt nan kay li an oswa yon transfè nan yon kay ki deja genyen sa li bezwen an (nan site kote rezidan an rete an oswa nan yon lòt site). Yon aplikan, rezidan, oswa patisipan pwogram gen dwa mande asistans ak, oswa yon chanjman nan, yon règleman, lwa, abitud, pwosedi, pwogram oswa sèvis PHCD.

MDHA travay ansanm ak aplikan an, rezidan oswa patisipan pwogram la pou detèmine kouman pou yo ba li ajisteman rezonab lap mande an. PHCD gen dwa egzije dokimantasyon ki pou sipòte demann (yo) pou ajisteman rezonab la.

1. Enfòmasyon la –a se non manm fanmi an ki enfim ki pral bezwen yon ajisteman rezonab:

Non: _____

2. Poutèt enfimite manm fanmi an, sa ki genyen non li ekri pi wo la-a, men lis chanjman (yo) oswa asistans (ajisteman rezonab) ki nesèsè pou endividi sa-a kapab patisipe nan pwogram asistans nan lojman Ajans Lojman Piblik Public Housing osi fasilman tankou tout lòt patisipan yo nan pwogram yo. Mete yon tchèk oswa yon kwa akote chanjman (yo) ke w bezwen an.

Yon chanjman oswa yon eleman espesyal nan yon kay, bilding oswa pwopriyete PHCD.
Note: Si w se yon patisipan nan pwogram seksyon 8, w fèt pou fè demann sa yo bay mèl kay w an.

Asistans ak, oswa chanjman nan, règleman, lwa, pratik, pwosedi, pwogram oswa sèvis PHCD.

3. Dekri pwoblèm ke manm fanmi w lan ki genyen non li nan nimewo 1 an genyen oswa pral genyen ak kay, bilding, pwopriyete, pratik, lwa règleman, pwosedi, pwogram oswa sèvis PHCD:

4. Dekri kalite chanjman oswa asistans (ajisteman rezonab) ki nesesè an:

5. Dekri kouman chanjman oswa asistans sa-a va ede ak pwoblèm la:

5. Endike moun ki va sous verifikasyon ke PHCD pral kapab kontakte pou verifye ke manm fanmi ki genyen non li nan nimewo 1 an enfim epi ki sa li bezwen kòm ajisteman rezonab.

Non: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____

Note: Endividi yo gen dwa jwenn yon kopi Pwosedi ak Règleman Ajisteman Rezonab MDHA, sou demann, nan men biwo “moun kap fè entèvyou yo “Applicant and Leasing Center Eligibility Interviewers, Public Housing Site Managers, Section 8 Leasing and Contract Specialists,” ak nan men Kowòdinatè ADA. W kapab jwenn plis kopi fòm demann sa-a nan men Kowòdinatè ADA a:

ADA Coordinator
Overtown Transit Village
701 NW 1 Court, 16 Floor
Miami, Florida 33136
E-mail: PHCDADACoordinator@miamidade.gov
Telephone: 786-469-2155 Fax: 786-469-4117
Florida Relay Service TDD/TTY: 800-955-8771



Dokiman sa yo disponib nan fòma aksesib sou demann. Tanpri rele Kowòdinatè ADA nan o Sèvis pou soud yo Florida Relay Service” TDD/TTY 800-955-8771.

EGZANP AJISTEMAN REZONAB YO

Lis ki swiv la-a se lis egzanzp metòd ajisteman rezonab yo ki gen dwa konsidere kòm ajisteman rezonab pou yon endividi (yo) ki se aplikan, rezidan ak patisipan pwogram Ajans Lojman Piblik Miami-Dade (MDHA) yo. Ajisteman sa yo gen dwa pa nesèsman “ rezonab ” pou tout endividi. Kidiplis, chak ajisteman gen dwa pa disponib pou chak aplikan, rezidan nan chak kay ak/ oswa nan chak devlopman, epi nan patisipan pwogram yo.

Egzanzp yo de Kalite Modifikasyon yo ke yo Konsidere Ajisteman Rezonab

Seksyon 504 deklare ke plan chema, konstriksyon oswa alterasyon nan bilding yo konfòmman ak §§ 3-8 de “Uniform Federal Accessibility Standards (UFAS), Appendix A to 24 C.F.R. § 40” va konsidere ke yo swiv egzanzp yo ki nan 24 C.F.R. §§ 8.21; 8.22; 8.23 ak 8.25. Mèzalò, lwa UFAS ki site epi note anba la- a la jis kòm referans pou ede Mete anplas ajisteman rezonab epi yo pa la pou gouvènè chak demann pou yon modifikasyon. Pou ranpli bezwen espesifik yon endividi poutèt enfimite li, PHCD gen dwa bezwen devye de UFAS. An plis, referans a seksyon UFAS a pa egzije tout eleman yo ki nan seksyon sa-a aksesib. Pi to, jis sijè ajisteman rezonab ke yap mande an ki pou aksesib dapre bezwen endividi kap fè demann ajisteman rezonab la.

Mèzalò, kèk nan modifikasyon estriktirèl yo gen dwa pa fezab nan tout kay yo oswa nan tout devlopman yo (site yo); Ki diplis, kèk modifikasyon gen dwa se depans inital ki estrese bidjè administrativ lan ki pa nesès, Nan de ka parèy, se jwenn yon solisyon yon lòt jan tankou fè aranjman pou demenaje transfere yon fanmi ak yon manm fanmi enfim nan yon kay/site kote ke yo kapab bay ajisteman rezonab (yo) la. De tout fason, PHCD va travay ansanm ak chak rezidan enfim ki kalifye epi ki mande yon ajisteman rezonab pou yo travay sou idantifye jwenn ansanm yon solisyon pou ajisteman rezonab ki efektiv epi apwopriye.

Zòn Piblik yo¹ -

- Ajoute pwoteksyon nan rebò ranp yo ak estasyon ranp yo kote yo lage moun yo
- Laji antre pòt yo
- Mete anplas de pòt aksesib ki ouvè ak aparèy levye
- Remete pòt pou li ouvè plat kont mi an lè li ouvè
- Remete pòt pou li ouvri vè deyò olye sou andedan nan espas aksesib la
- Mete anplas etajè yo ak bwa klozèt yo ki aksesib oswa ajistab
- Mete anplas levye tiyo wobinèt yo nan saldeben piblik yo
- Mete anplas ba fè sipò leve /chita nan saldeben piblik yo
- Mete anplas aksesibilite nan watè saldeben piblik yo
- Bese miwa yo nan saldeben piblik yo
- Mete anplas plòg elektrik anplis pou desèvi ekipman TDD/TTY yo
- Mete anplakwi elektrik ki pi pwisan pou akomode anpoul limyè ak gwo wat pou endividi yo ki genyen pwoblèm vizyon.
- Mete anplas alam vizyèl yo pou endividi yo ki genyen pwoblèm tande oswa soud menm.
- Mete anplas bifèt ak kontwa aksesib nan kwizinn/lofis piblik yo
- Mete anplas aparèy yo pi aksesib tankou frijidè, fou, recho nan kwizinn/lofis piblik yo

Asansè yo² -

¹Zòn Piblik yo enkli, men pa limite a: Biwo PHA yo, enkli biwo administrativ ak biwo rejyonal yo; biwo konpayi administrativ prive yo; sal kominotè; sant grandèt; sal reyinyon; sal bwat lapòs; sal lesiv; anplasman pou jete fatra; epi, lokal gadri yo.

² Asansè ki aksesib yo fèt pou yo nan pasaj ki aksesib epi yo va konfòm ak UFAS § 4.10 epi ak “American National Standard Safety Code” ki etabli pou Asansè yo, ti asansè pou plato manje “Dumbwaiters”, Eskalatè yo, ak Pasaj Woulan yo “Moving Walks”, ANSI A17.1-1978 ak A17.1a-1979. Gade UFAS § 4.10; Figures 20, 22 ak 23. Yon pasaj aksesib “accessible route” se yon pasaj ki pa ankonbre, ki kontinye konfòmman ak UFAS jan sa dekri nan 24 C.F.R. §§ 8.3 ak 8.32 ak UFAS § 4.3.

- Asansè yo va sou yon pasaj ki aksesib
- Asansè rezidansyèl oswa planche elektrik fèmèn pou chèz woulant yo kapa desèvi. Lè sa apwopriye, epi lè otorite administrativ lokal yo apwouve. Tcheke UFAS §§ 4.10.1; 4.11

Antre Bilding yo ak Pasaj Aksesib yo³ -

- Pannkat Aksesib;
- Ajoute pwoteksyon nan rebò ranp yo ak estasyon ranp yo kote yo lage moun yo
- Laji antre pòt yo
- Mete anplas de pòt aksesib ki ouvè ak aparèy levye
- Remete pòt pou li ouvè plat kont mi an lè li ouvè
- Remete pòt pou li ouvri vè deyò olye sou andedan nan espas aksesib la
- Mete anplas etajè yo ak bwa klozèt yo ki aksesib oswa ajistab
- Mete anplas levye tiyo wobinèt yo nan saldeben piblik yo
- Mete anplas ba fè sipò leve /chita nan saldeben piblik yo
- Mete anplas aksesibilite nan watè saldeben piblik yo
- Bese miwa yo nan saldeben piblik yo
- Mete anplas plòg elektrik anplis pou desèvi ekipman TDD/TTY yo
- Mete anplas sikwi elektrik ki pi pwisan pou akomode anpoul limyè ak gwo wat pou endividi yo ki genyen pwoblèm vizyon.
- Mete anplas alam vizyèl yo pou endividi yo ki genyen pwoblèm tandè oswa soud menm.
- Mete anplas de penti ki trè diferan sou pòt yo, otou pòt yo, nan fenèt yo, ozalantou planch planche yo ak /oswa eskalye yo pou endividi ki genyen enfimite ki pa wè byen.
- Mete anplas pasaj aksesib pou rantre nan bilding

³ Omwens yon (1) pasaj aksesib konfòmeman ak UFAS § 4.3 va disponib andedan lizyè site an apati de estasyon transpò piblik yo, espas pakinn aksesib yo, zòn pou ranmase ak depoze pasaje yo, si genyen se pou li disponib sou lari leta yo ak twotwa yo ayon rantre aksesib nan bilding la. Gade UFAS §§ 4.1.1(1); 4.3. Kidiplis, UFAS egzije ke omwens yon (1) pasaj aksesib konfòmeman ak UFAS § 4.3 va konekte antre bilding oswa lokal ki aksesib yo ansanm ak tout lòt espas ki aksesib ki fè pati bilding la oswa lokal la. See UFAS §§ 4.1.2(1); 4.3.

Anplasan pou Jete Fatra yo –

- Mete anplas pasaj aksesib pou antre nan lokal kote pou jete fatra yo; oswa Mete anplas yon ajisteman ki osi efektiv tankou anplwaye lojman ki jete fatra a pèsonèlman pou enfim la

Sal Lesiv yo -

- Mete anplas pasaj aksesib rantrè sèvi ak zòn piblik nan sal lesiv yo. Mete omwens yon (1) machin alave ak yon sechwa kote pòt la ouvè pa devan⁴; oswa, Mete anplas yon ajisteman osi efektiv tankou enstale yon machin alave ak yon sechwa pòt ouvè pa devan nan apatman rezidan an, oswa, mete sèvis lesiv disponib sou frè PHA.

Livrezon Lapòs/Bwat Postal yo -

- Mete anplas pasaj aksesib antre ak sòti nan sal lapòs/anplasan bwat postal yo. Mete bwat postal yo pi ba, sou demann, oswa, Mete anplas ajisteman efektiv tankou livrezon lèt yo adomisil.⁵

Antre Apatman ak Pòt Andedan yo –

- Laji antre pòt yo
- Mete anplas de pòt aksesib ki ouvè ak aparèy levye
- Remete pòt pou li ouvè plat kont mi an lè li ouvè
- Remete pòt pou li ouvri vè deyò olye sou andedan nan espas aksesib la
- Ajoute oswa ajiste vitès pòt yo fèmen
- Ajiste fòs pòt la bezwen pou yo pouse/rale pou ouvè li
- Mete anplas twou pou idantifye moun nan pòt la pi ba oswa enstale twou ki tankou “teleskòp” yo
- Mete anplas yon manch pou frape nan pòt la ke moun soud yo kapab wè
- Mete anplas de penti ki trè diferan sou pòt yo, otou pòt yo, nan fenèt yo, ozalantou planch planche yo ak /oswa eskalye yo pou endividi ki genyen enfimite ki pa wè byen.
- Mete anplas pasaj aksesib pou rantrè nan bilding oswa apatman an

⁴ Si ekipman pou lesiv yo bay la andedan apatman endividi an, oswa si se yon sal lesiv ki desèvi youn oswa plis kay ki aksesib, ebyen lè sa-a se pou yo fèt konfòmman ak UFAS §§ 4.34.71 rive a 4.34.7.3.

⁵ “Cluster boxes”, ki vle di tout bwat lapòs site ki genyen plizyè fanmi mete ansanm nan yon lò nimewote. Mèzalò, si kliyan an pa kapab jwenn aksè a bwat postal liyan poutè enfimite liyan, kliyan an gen dwa soumèt yon demann konfòmman ak kloz lwa *U.S. Postal Service’s “Hardship Clause”* epi mande yo deplase bwat postal la nan yon nivo ki pi ba e pi aksesib. Dapre § 631.42 nan gid lapòs la *U.S. Postal Service “Postal Operations Manual”*, kliyan an soumèt demann klòz “*Hardship Clause*” liyan dirèkteman a faktè ki livre lèt li yo; faktè a li menm va pote li bay manadjè li an. Manadjè an va evalye demann endividi an epi li va egzekite li. Si sèvis lapòs la pa kapab deplase bwat postal la, sèvis postal la gen dwa jwenn yon ajisteman altènativ tankou livrezon adomisil.

Switch Limyè Apatman yo ak Priz Elektrik yo -

- Mete switch elektrik yo pi ba ak/oswa mete priz elektrik yo pi wo⁶
- Mete anplas priz elektrik an plis pou ekipman TDD/TTY oswa pou lòt ekipman ke moun enfim yo sèvi avèk
- Mete anplas sikwi elektrik pi pwisan pou akomode anpoul limyè gwo vòltaj yopou moun ki gen pwoblèm avèg ozwa vizyon
- Mete bwat kontwòl tèmostat yo pi ba
- Mete bwat brekè sikwi yo pi ba, si li andedan kay la

Andedan Apatman -

- Mete anplas priz elektrik an plis pou ekipman TDD/TTY oswa pou lòt ekipman ke moun enfim yo sèvi avèk
- Mete anplas sikwi elektrik pi pwisan pou akomode anpoul limyè gwo vòltaj yopou moun ki gen pwoblèm avèg ozwa vizyon
- Mete anplas alam vizyèl yo ak odyo pou endividi yo ki genyen pwoblèm soud oswa pa tande byen; epi mete alam vizyèl nan chak pyès nan kay la⁷
- Mete anplas fenèt ki bezwen yon fòs de 5 liv oswa mwens pou ouvè; mete yon gwo manch levye pou woule ouvè oswa fèmen, si sa posib
- Mete anplas espas depo ki aksesib, enkli etajè yo ak bwa klozèt yo ki aksesib oswa ajistab. Espas depo ki aksesib va konfòme yo ak UFAS § 4.25; Fig. 38

Kizin Apatman yo⁸ -

- Mete lavabo kwizin lan pi ba
- Mete anplas yon estil levye pou tiyo kwizin lan
- Mete anplas bifè kwizin ki aksesib; mete anplas manch ki aksesib pou bifèt kwizin yo
- Mete anplas kontwa kwizin ki aksesib ak espas pou travay nan kwizin la tou

Si objè sa yo anplas pou rezidan ki pa enfim yonan site an:

- Mete anplas de frijidè ki aksesib. *Tcheke* UFAS § 4.34.6.8
- Mete anplas de fou ki aksesib. *Tcheke* UFAS § 4.34.6.7
- Mete anplas Machin lave vesèl yo ki aksesib. *Tcheke* UFAS § 4.34.6.9

⁶ Se pou aparèy kontwòl yo, bin yo, ak tout lòt ekipman ki pou sèvi yo enstale nan youn nan limit wotè ki espesifik ki nan §§ 4.2.5 ak 4.2.6. Eksepte si genyen lòt rezon ki endike ke sèvis ak ekipman espesyal sa-a pa kapab, aparèy elektrik oswa kominikasyon ki sou mi yo pa gen dwa mwenske 15 pous de planche kay la. *Tcheke* UFAS § 4.27.3

⁷ Si yo mete anplas sistèm alam dijans yo, se pou yo enkli sistèm alam odyo yo konfòmman ak UFAS § 4.28.2 epi alam vizyèl yo konfòmman ak UFAS § 4.28.3. *Tcheke* UFAS § 4.1.2 (13)

⁸ Kwizin aksesib oswa adaptab ak pyès ki mache ak yo va sou yon pasaj aksesib epi se pou yo konfòmman ak egzijans ki nan UFAS § 4.34.6. Mèzalò, PHA pap mande pou fè chak eleman nan kwizin lan aksesib, esepite si rezidan ki enfim lan fè demann lan. Alòske, se rezidan an ki pou fè demann pou eleman kwizin aksesib byen espesifik yo.

Saldeben Apatman yo ⁹ -

- Mete anplas pòt ki pi laj
- Mete anplas Mete anplas yon estil levye pou tiyo twalèt la
- Mete lavabo twalèt la pi ba
- Mete miwa a pi ba
- Mete anplas watè aksesib
- Deplase pòt papye ijjenik
- Mete anplas ba fè ki ede moun leve yo sou kote watè an
- Mete anplas ba fè ki ede moun leve yo nan douch ak oswa basen an
- Mete anplas yon asiz andedan basen oswa douch la
- Mete anplas yon tèt douch ak manch long
- Deplase manch tiyo basen ak oswa douch la
- Mete anplas yon asiz ki woulan nan douch la oswa basen an

Egzanp de Ajisteman Rezonab ki pa Estriktirèl yo

- Ofri fòm yo ak fòmilè yo nan yon fòma ki aksesib (pa egzanp an gwo lèt, sou disk konpitè oswa an bray) epi ki senp fasil pou konprann.
- Pèmèt ke peman lwaye yo ak kominikasyon ki egzijib yo fèt pa lapòs olye de livre an pèsòn.
- Mete anplas yon lòt chwa kay bay aplikan an, rezidan an oswa patisipan nan pwogram la kapab demontre ke yo te derefize premye demann kay li an, pa egzanp, an konesans de kòz, se poutèt enfimite yon aplikan an, rezidan an oswa patisipan pwogram manm fanmi an.
- Mete anplas èd oksilyè yo, tankou kreyon ak papye pou moun ki pa kapab pale yo, aparèy telekominikasyon pou soud *Telecommunication Device for the Deaf (TDD)*, *Assisted Listening Device (ALD)*, yon entèprèt langaj siy kalifye, oswa yon apar2y ki fè lekti yo, depi sa nesèsè pou yon kominikasyon efektiv ant PHCD ak aplikan an, rezidan an oswa patisipan pwogram la.
- Poste kominikasyon oswa rele pa telefòn moun ki deziye pa moun enfim lan kòm moun pou kontakte pou moun ki enfim lan.
- Pèmèt sèvis bèt ki ede yo.
- Pèmèt èd ki dòmi leve yo nan yon kay ki yon gwosè apwopriye.
- Pèmèt yon ajans andeyò oswa yon manm fanmi ede aplikan an, rezidan an oswa patisipan pwogram la ranpli kritè yo oswa obligasyon esansyèl yo nan kontra lokasyon an.

⁹ Saldeben aksesib yo va sou yon pasaj aksesib epi yo va konfòmeman ak UFAS § 4.34.5. Mèzalò, PHCA pa oblije fè tout eleman nan saldeben an aksesib, esepite si se sou demann rezidan enfim lan. Alòske, rezidan an gen dwa mande pou de eleman aksesib saldeben byen espesifik.